

KONFLIK SAJRONE NOVEL URAN-URAN KATRESNAN ANGGITANE TULUS SETIYADI
(Tintingan Sosiologi Sastra)

ANINDITA

Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Dharma
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Surabaya
yagianindita@yahoo.com

ABSTRAK

Konflik mewujudkan prekara-prekara yang tumbuh sajrone bebrayan masyarakat yang dijalari saka maneka warna prekara yang nuwuhake *pro* lan *kontra*. Sajrone novel UUK iki kapilih irah-irahan konflik amarga anane *pertentangan* saka paraga utama lan paraga liyane yang njalari tuwuhe konflik.

Panliten iki nggunakake tintingan sosiologi sastra, mligine sosiologi sastra sing diandharake dening Wellek & Werren sing munjer marang teks sastra tanpa ngrembug sosiologi pangripta apadene pamaca. Metodhe panliten sing digunakake yaiku metodhe dheskriptif. Sumber dhata panliten iki yaiku novel UUK sing diterbitake ing Lamongan wulan Juli 2016, dene dhata panliten yaiku konflik yang dituduhake lumantar pacelathon sing kedadeyan lumantar tembung, ukara, paragraf, antawacana sarta dheskripsi solah bawa sing digambarake dening pangripta.

Asile panliten iki yaiku: 1) struktur pamangune sastra kanthi tema katresnan, paraga utamane Fitri kang asipat sabar lan tetep mbudidaya, lan Kristiono kang tanggung jawabalur, latar/setting, 2) wujud konflik yaiku konflik eksternal antarane paraga utama Fitri lan Kristiono karo Tony, Wahyu, Kyai Misbah, Ibu, lan Pak Gunanto banjur konflik internal yaiku konflik batin yang dialami Fitri, Kristiono, lan Wahyu, 3) cara mungkasi konflik nggunakake cara mediasi antarane paraga Fitri, Kristiono, Kyai Misbah, Pak Gunanto lan Tony, lan 4) pamawase masyarakat ing kene kang sarujuk anane nikah beda kapitayan yaiku respondhen golongan siswa lan mahasiswa 75%, respondhen golongan pegawai 50%, lan respondhen golongan swasta 60% banjur sisane ora sarujuk anane nikah beda kapitayan iki.

Tembung wigati: konflik, sosiologi sastra

PURWAKA

LELANDHESANE PANLITEN

Manungsa minangka panyebab tuwuhe karya sastra, (2014:99) sastra minangka wujud saka rasa pangrasane kedadeyan-kedadeyan yang ana ing donya amarga pokal masyarakat. Rasa pangrasane masyarakat iki kanggone gawene manungsa. Kedadeyan utawa kahanan yang ana pangripta minangka idhe kanggo nuwuhake karya sastra. ing manungsa bisa dianggo karya sastra. Karya sastra Sastra mujudake pangudharing pikiran lan rasaning minangka asil saka pamikiran, idhe, gagasan kreatif saka manungsa kanthi cara lisan utawa tulisan, yang pangripta yang diwujudkan lumantar basa. Sastra nduweni diwujudkan lumantar medhia basa (Hutomo 1975:39). sesambungan marang panguripane manungsa. Mula kuwi Saemper karo Hutomo, Endraswara (2013:17) sastra ora bisa owah saka jagade manungsa. Manungsa bisa ngandharake manawa karya sastra ora bisa uwal saka basa, diarani kreator kang otonom, manungsa uga diarani amarga basa minangka sarana kanggo nggambarake rasa minangka pangripta donyane kasusastran (Teeuw, 2013:124). Sastra modern, wujud Miturut Ratna (2013:336) karya sastra kang tuwuh ing jiwane manungsa. Sastra modern, wujud minangka asil saka *imajinasine* pengarang, mula sastra kayata crita cerkak, crita sambung utawa novel, geguritan, nduweni sesambungan antarane *imajinasine* pengarang lan lan sapanunggalane (Hutomo, 1975:89).

Karya sastra modern ing panliten iki yaiku awujud novel. Novel bisa diarani crita sambung (cerbung) yang dibukukake. Bedane ing kene yen cerbung diterbitake sacara sambung-sinambung ing sajrone kalawarti, manawa novel diterbitake langsung sawutuhe crita lan awujud

buku. Miturut Nurgiantoro (2012:18-19) novel miturut jinise diperang dadi loro, yaiku novel *serius* lan novel *populer*.

Andharan ing ndhuwur njlentrehake kahanan sing kedadeyan ing sajrone lingkungan masyarakat. Ing novel UUK, paraga kang lagi nandhang prakara Fitri lan Kristiono. Wong loro kuwi anggane nandhang katresnan kepeksa kudu mbudidaya supaya tetep bisa bebarengan. Kang njalari tuwuhe prakara, amarga paraga Kristiono lan Fitri nduweni kapercayan sing beda.

Saliyane kuwi prakara kang dituwuhake saka paraga Fitri lan Kristiono bab asmarane uga ana yaiku nalikane Fitri dijodhokake dening wong tuwane, sarta rasa cubriyane Fitri marang Kristiono lan suwalike. Mula saka kuwi, ing panliten iki bakal ngandharake konflik-konflik kang dituwuhake saka paraga Kristiono lan Fitri kasebut salah sawijine cara supaya katresnane Fitri lan Kristiono tetep bisa manunggal senadyan kapitayane beda lan maneka warna prakara liyane kang dituwuhake paraga bab asmarane Fitri lan Kristiono.

Ukara UUK bisa ditegesi *uran-uran* yaiku *ura-ura* utawa tembang. Gegambaran saka *Uran-Uran* Katresnan iki yaiku tembange tresna ing novel iki nggambarake tresnane Fitri lan Kristiono kang akeh ngemu pepalang. Kapilih irah-irahan iki amarga, punjer ing panliten iki yaiku konflik utawa prakara prakara Kristiono lan Fitri saka kapitayane sing beda iki mau. Analisis kang digunakake yaiku sosiologi sastra, amarga sosiologi minangka ilmu kanggo ngonceki bab prakara-prakara kang tuwuh ing masyarakat.

UNDERANE PANLITEN

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, underaning panliten saka novel UUK iki yaiku :

- 1) Kepriye struktur novel UUK anggitane Tulus S?
- 2) Kepriye wujud konflik sajrone novel UUK anggitane Tulus S?
- 3) Kepriye cara mungkasi konflik sajrone novel UUK anggitane Tulus S?
- 4) Kepriye pamawase masyarakat ngenani nikahan beda kapitayan sajrone novel UUK anggitane Tulus S?

ANCASE PANLITEN

Saka undheraning panliten ing ndhuwur iku, tujuan panliten iki kaya mangkene :

- 1) Njlentrehake struktur novel UUK anggitane Tulus S.
- 2) Njlentrehake wujud konflik sajrone novel UUK anggitane Tulus S.
- 3) Njlentrehake cara mungkasi konflik sajrone novel UUK anggitane Tulus S.
- 4) Njlentrehake pamawase masyarakat ngenani nikah beda kapitayan sajrone novel UUK Tulus S.

PAEDAHE PANLITEN

Objek karya sastra Jawa minangka objek kang wis asring digunakake kanggo panliten wiwit biyen nganti saiki. Panliten kang akeh kaya ngono kuwi pranyata isih durung bisa gawe marem lan legane para panliti kanggo terus nliti kasusastran Jawa. Mula, saka panliten iki diajab bisa aweh paedah saora-orane kaya kang dikarepake dening panliti yaiku :

- 1) Kanggo panulis, panliten iki mujudake asil saka saperangan kawruh lan ketrampilan kang wis ditampa sasuwene kuliyah.
- 2) Kanggo pamaos, panliten iki diajab bisa nambahi kawruhane pamaos ngenani sastra kang ngrembug bab sosiologi sastra. Mligine mangerteni tumrap kedadeyan-kedadeyan kang diandharake pangripta, saengga bisa migunani tumrap pamaos anggane ngadhepi prakara kang asring kedadeyan ing sajrone lingkungan masyarakat.
- 3) Kanggo piwulangan sastra, panliten iki bisa menehi sumbang sih materi kanggo piwulang sastra ing sekolah.

WEWATESANE TETEMBUGAN

- 1) Konflik yaiku salah sawijining kahanan ora penak kang dirasakake dening paraga. Kahanan kuwi dumadi ing antarane paraga-paraga sajrone crita. Nanging, yen dikongkon milih, paraga-paraga kuwi ora kepengin ngrasakake kahanan kaya mangkono kuwi (Meredith&Fitzgerald, ing sajrone Nurgiantoro, 2012:122). Konflik ing novel iki dijalari saka anane kahanan kang ora kepenak antarane Fitri lan Kristiono karo wong tuwane amarga sesambungane.
- 2) Novel yaiku riptan sastra awujud prosa kang isine nggambarake panguripane manungsa kang dideleng saka kaca benggalane pangripta (Nurgiantoro, 2012:9).
- 3) *Uran-Uran Katresnan* yaiku irah-irahan saka karya sastra kang awujud novel. Novel iki dianggit dening Tulus Setiyadi. Diterbitake minangka cetakan kapisan, Juli 2016.
- 4) Sosiologi Sastra yaiku ancangan panliten kanggo ngandharake karya sastra kang ana gegayutane karo masyarakat (Ratna, 2013:339)

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten Sadurunge kang Saemper

Panliten kanthi objek karya sastra uga wis kerep lan akeh katindakake ing Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya. Mula, Panliten kang perlu ditintangi gegayutan karo panliten sing dirembug yaiku ing antarane :

- a. Dwika Apriyani (2010) *Konflik Sosial ing Cerbung sing Kendhang lan sing Ngandhang anggitane Suryadi WS*”, FBS-Unesa. Skripsi Dwika Apriyani iki nggunakake tintingan Strukturalisme Genetik. Dudutan saka panliten iki nggambarake konflik sosial kang dialami dening para paraga ing cerbung iki yaiku panliti ngandharake ngenani babagan konflik kapitayan bab agama, konflik wong omah-omahan lan konflik asmara.
- b. Suci Arianti (2011) *“Gonjang Ganjinge Bale Wisma sajrone Cerbung Poyang-Payingan anggitane Mbah Brintik”*, FBS-Unesa. Skripsi iki nggunakake tintingan sosiologi sastra. Asil saka panliten iki yaiku nuduhake konflik sajrone bale wisma ing cerbung *Poyang-Payingan* kedadeyan saka telung perangan. Yaiku : tumindak sedheng, asmara, lan jabatan. Sawernane konflik mau dijalari amarga jejodhoan, kurang leganing batin, lan kabutuhan ekonomi.
- c. Elis Novianti (2012) *“Konflik Sosial sajrone Cerbung Tikus Bangkok Anggitane Adinda AS”*, FBS-Unesa. Skripsi iki nggunakake tintingan Sosiologi Sastra. Dudutan saka panliten iki yaiku konflik sosial kang dijlentrehake wiwit gegambarane, panyebab, lan pamungkase, sarta nilai-nilai sing diugemi.
- d. Silvia (2014) *“Konflik Sosial Tokoh Utama dalam Novel Negeri Para Bedebah Karya Tere Liye”*, FBS-Unesa. Skripsi iki nggunakake tintingan Sosiologi Sastra. Isine yaiku ngenani (1) wujud konflik sosial, (2) panyebab dumasane konflik sosial, (3) pamungkase konflik sosial, (4) sesambungan antarane konflik sosial sajrone novel karo panguripane manungsa sanyatane ing masyarakat Indonesia.

Panliten iki bakal niti karya sastra arupa novel anggitane Tulus S kanthi irah-irahan UUK. Panliten iki nduweni punjer prakara yaiku konflik amarga kapitayan kang ana ing sajrone novel UUK iki. Yen ing panliten sadurunge ngrembag bab konflik sosial, nanging ing panliten iki ngrembag bab konflik kang dijalari saka kapitayan sing beda sarta konflik saka golongan tuwa lan golongan mudha. Mula, tintingan sing trep digunakake kanggo panliten iki yaiku sosiologi sastra.

SASTRA

Sastra minangka kaca benggalane masyarakat, diarani kaca benggalane masyarakat amarga sastra lair saka panguripane saben manungsa saben dinane. Adhedhasar pangerten iki, Lukacs (sajrone Endraswara, 2013:116) sastra bisa diarani minangka sumber informasi ngenani sejarah lan tatanan masyarakat. Sejarah lan tatanan masyarakat ing kene minangka objek tuwuh sastra. Sabanjure Endraswara (2008:78) ngandharake

sastra yaiku *ekspresi* panguripane manungsa kang ora uwal saka masyarakat. Diarani kaya mangkono amarga sakabehane isi ing sastra kuwi minangka wujud daya pamikir lan imajinasine masyarakat.

Sastra minangka wujud baku saka apa kang wis dideleng manungsa sajrone panguripan, apa kang wus dialami manungsa ngenani panguripan, apa kang wis dipikir, lan dirasakake manungsa ngenani perangane panguripan kang bisa narik kawigaten sacara langsung, luwih gamblange yaiku sawijine andharan ngenani panguripane manungsa lumantar basa (Endraswara, 2013:124). Miturut Sangidu (sajrone Endraswara, 2013:115) sastra yaiku perangane saka masyarakat. Sipat-sipat sawijine masyarakat bakal ana sajrone sastra. Sipat utawa watak masyarakat kang dadi kawigatene pengarang. Sipat utawa watake manungsa kang maneka warna iki minangka daya tarike pengarang kanggo nuwuhake sastra.

Miturut Wellek&Werren (1990:3) sastra minangka kagiyatan *kreatif* salah sawijine karya seni. Sastra ora bisa uwal saka bebrayan masyarakat, amarga saka masyarakat bisa tuwuh sastra. Sastra diarani endah manawa sastra kasebut nduweni unsur kaendahan.

Andharan ing ndhuwur bisa didudut yen sastra kuwi minangka wujud saka daya pamikire pangripta kang diwujudake lumantar basa. Sastra ngandhut isi ngenani panguripane manungsa sajrone bebrayan lan watak utawa sipate saben manungsa. sastra nduweni informasi bab sejarah panguripane manungsa utawa tatanan sajrone masyarakat..

NOVEL

Novel iku yen dideleng saka unsur-unsur crita ora beda karo cerkak lan cerbung, kang mbedakake saka katelune yaiku wujud. Critane crita cekak (cerkak) minangka pambédane saka novel yaiku critane cerkak bisa tuntas kawaca sepisanan. Cerbung saka wujud crita kapacak ing kalawarti, ora mung sepisan anggone kapacak. Cerbung bisa kapacak nganti pirang-pirang edisi saben kalawarti.

Novel minangka crita kang awujud fiksi (imajinatif). Crita fiksi yaiku crita rekaan utawa crita khayala, amarga crita fiksi minangka karya naratif kang nduweni isi beda karo kanyatan satenane (Abrams sajrone Nurgiyantoro, 2010:2). Dene unsur-unsur novel kaya kang kaandharake ing ndhuwur yaiku padha karo unsur-unsur cerkak lan cerbung. Unsur-unsur crita novel kaperang dadi loro yaiku unsur instrinsik lan unsur ekstrinsik.

Novel nduweni asal tembung saka basa Itali yaiku *novella*. Saliyane saka tembung Itali, tembung novel uga saka basa Jerman *novelle*. Tembung-tembung kasebut diserap dening basa Indonesia dadi tembung novel, semono uga *diadopsi* dening basa Jawa dadi tembung novel. Miturut Abrams (sajrone Nurgiyantoro, 2010:9) ngandharake manawa novel yaiku sawijining barang kang cilik, banjur ditegesi minangka crita cerkak kang awujud prosa. Bebarengan karo lumakune jaman pangrembakane novel uga saya maju lumakune jaman pangrembakane novel uga saya maju sajrone kasusastran Jawa. Ing jaman saiki ora mung sethithik crita kang awujud crita sambung kang digubah minangka crita novel.

SASTRA LAN MASYARAKAT

Sastra ora bisa uwal saka jagade manungsa amarga, sastra lan masyarakat minangka sesambungan kang ora bisa dipisahake. Miturut Luxemburg (1989:23) sastra bisa diarani minangka salah sawijining gejala sosial. Gejala sosial ing kene yaiku kahanan kang ana ing masyarakat. Sastra minangka asil reriptane manungsa. Mula, sastra bisa diarani kaca benggalane saka masyarakat kang urip ana ing donya iki. Pangripta sajrone gawe karya sastra kudu njingglengi kahanan, kedadeyan kang ana ing masyarakat. Sajrone bebrayan masyarakat tuwuh maneka warna prakara-prakara sing dialami dening masyarakat.

Miturut Endraswara (2013:115) anane watesan kanggo *imajinasi* utawa *daya khayale* pangripta tumrap lingkungan panguripane kuwi lan anane kepinginan saka pangripta kang luwih jeru tumrap manungsa kang ana ing sajrone bebrayan masyarakat, prakara-prakara kang ana sajrone bebrayan, lan kahanan saha watak masyarakat ing papan panguripane, mula karya sastra kang diasilake ngandhut informasi ngenani masyarakat kasebut kanthi watesan-watesan tartamtu. Informasi kang diasilake katon nyata lan urip.

TEORI STRUKTURAL

Teori Struktural yaiku teori kang digunakake kanggo nitingi struktur crita sajrone karya sastra. Teori struktural ing kene kaperang dadi loro yaiku pangerten ngenani struktural lan struktur pambangune karya sastra. Andharane kaya mangkene.

Pangerten Struktural

Konsep struktural yen miturut Endraswara (2003:51) nengenake sesambungan antarane unsur pambangun teks karya sastra lan ndeleng karya sastra minangka teks mandiri kang nengenake aspek isintrinsik karya sastra. Aspek instrinsik karya sastra yaiku ide, tema, plot, latar, wektu, paraga, gaya bahasa, kang nduweni sesambungan kanthi tumata. Sesambungan kuwi wigati banget kanggo karya sastra supaya karya sastra kasebut bisa tumata lan gampang dimangerteni dening para pamaca.

Panliten kang nggunakake objek karya sastra ora bisa uwal saka unsur-unsur kang ana sajrone karya sastra. Unsur-unsur karya sastra iki bisa diudhari nganggo teori struktural. Pamawase Teeuw (1988:135) analisis karya struktural ditujokake kanggo nitingi karya sastra kanthi rinci, jlimet, tliti, lan permati, saengga bisa mangerteni karya sastra sawutuhe.

Analisis struktur karya sastra kang ana sajrone karya fiksi bisa ditindakake kanthi cara idhidentifikasi, nitingi, lan njlentrehake fungsi lan sesambungan antarane unsur intrinsik fiksi kang dirembug (Nurgiyantoro, 2005:55). Cara kanggo nganalisis struktur kasebut minangka cara kang *efektif* ditindakake dening panliti sajrone ndudhah karya sastra.

Struktur Pamangune Karya Sastra.

Karya sastra kang awujud novel, cerbung, cerkak, lan geguritan ora bisa uwal saka unsur-unsur kang mbangun karya sastra. Unsur-unsur iki diperang dadi loro yaiku kapisan unsur intrinsik lan kapindho unsur

ekstrinsik. Miturut Nurgiyantoro (2012:23) unsur intrinsik yaiku perangan-perangan langsung kang runtut melu mbangun crita. Perangan kang dadi pambangune karya sastra ing antarane, kapisan tema, paraga lan pamaragane, *plot*, latar/*setting*, sudhut pandang, gaya bahasa, lan amanat (Stanton sajrone Nurgiyantoro, 2012:23)

Teeuw (1984:131) ngandharake yen saben karya sastra nduweni unsur kang dhominan, mula unsur kang dominan iki kudu ditengenake. Sajrone novel UUK iki uga nduweni unsur kang dominan, yaiku tema, paraga, alur lan *setting*. Senandyan mung ana telung unsur kang dhominan, nanging isih mbutuhake unsur-unsur liyane kanggo nyengkuyung panliten iki. Unsur-unsur kang dhominan andharane ana ing ngisor iki

Tema

Tema miturut Stanton lan Kenny (sajrone Nurgiyantoro, 2009:67) yaiku makna kang kinandhut sajrone carita. Ing crita ana maneka makna kang kinandhut lan ditawakake dening crita. Banjur kang wigati yaiku saka makna sajrone crita kang bisa uga diarani tema. Nurgiyantoro (2012:71) uga ngandharake yen pangripta milih lan nganggo sawernane prakara ing paguripane manungsa lan ndadekake tema utawa sub-sub tema banjur dianggo ing sajrone karya fiksi. mula, tema ing sajrone karya sastra mesthi ana sesambungane karo makna (pengalaman) panguripan.

Saka andharan kasebut bisa dimangerteni manawa tema mujudake gagasan dhasar kang umum kanggo nyengkuyung karya sastra lan dadi dhasare crita kang dikembangake, Tema bisa arupa prakara, moral, etika agama, sosial budaya, teknologi, tradisi kang ana sesambungane karo prakara saben dina ana ing bebrayan masyarakat.

Paraga

Paraga yaiku pawongan kang nyekel kedadeyan sajrone fiksi, saengga kedadeyan kasebut bisa ndadekake sawijine carita fiksi. Para paraga kang ana ing salah sawijine crita nduweni pamaragan kang beda-beda. Miturut Aminuddin (2011:79-80) Paraga kang nduweni peranan wigati diarani paraga utama, dene paraga kang nduweni peranan ora wigati amarga anane amung minangka tambahan, ngladeni, lan panyengkuyung diarani paraga tambahan utawa pambiyantu.

Paraga crita miturut Abrams (sajrone Nurgiyantoro, 2012:165) yaiku pawongan kang ana sajrone karya naratif, utawa drama. Paraga ing sajrone crita minangka perangan kang utama kanggo nggawe crita. Paraga crita minangka posisi kang utama kanggo ngandharake pesen, amanat, moral, utawa samubarang kang sengaja kepingin diandharake marang pamaca (Nurgiyantoro, 2012:167).

Alur/Plot

Pamawase Nurgiyantoro (2009:110) *plot* utawa alur yaiku rerangken prastawa kang dumadi kanthi runtut

lan urut saengga nuwuhake carita. Aristoteles (sajrone Teeuw, 2013:95) ngandharake yen prakara-prakara kang runtut minangka syarat wajib sajrone *plot* lan minangka dhasar kanggo mangerteni sawutuh crita.

Stanton (2012:26) ngandharake yen alur yaiku sesambungane kedadeyan-kedadeyan sajrone crita. Alur biyasane winates ana ing kedadeyan-kedadeyan kang sesambungane kanthi *klausul* wae. Kedadeyan klausul yaiku kedadeyan kang njalari utawa ndadekake maneka warna kedadeyan saengga ora bisa dilirwakake amarga nduwe daya tumrap sakabehane crita.

Setting utawa Latar

Latar yaiku lingkungan kang digunakake kanggo nyengkuyung salah sawijine kedadeyan ing crita, kang ana sesambungane karo kedadeyan-kedadeyan kang lagi ditindakake (Stanton, 2012:35). Pamawase Aminuddin (2011:67) setting yaiku minangka papan panggonan dumadine sawijine kedadeyan ing karya fiksi, kang arupa papan panggonan, wektu, utawa prastawa, kang nduweni fungsi fisik lan fungsi psikologis. *Setting* nduweni rong fungsi yaiku fisik lan fungsi psikologis.

Sosiologi Sastra

Sosiologi sastra yaiku wujud ngelmu kanggo panliten kang nengenake bab prakara-prakara, kedadeyan lan kahanan kang ana sajrone bebrayan masyarakat. Sing paling wigati saka sosiologi sastra yaiku sastra tuwuh amarga pamikiran manungsa. Pendhekatan sosiologi sastra yaiku ancangan tumrap sastra kang isih nggatekake ngenani masyarakat (Damono, 1978:1-2). Sosiologi ing kene minangka ilmu panliten kanggo nintingi bab kang ana ing sajrone bebrayan masyarakat. Dene sastra luwih nembus ing panguripane manungsa nalikane nuduhake pangrasane kanggo ngadhepi sawernane prakara kang ana ing bebrayan masyarakat.

Pamawase Ratna (2013:60) manawa sosiologi kanggo sastra modern utawa tradhisional nduweni lahan panliten kang ora bakal sirna. Bisa ditegesi yen panliten tumrap karya sastra ora bakal bisa ilang saka jagade manungsa lan bab-bab kang ana ing sajrone masyarakat kanggo bahan panliten uga ora bakal asat. Sosiologi sastra bisa diperang dadi telu yaiku: (1)sosiologi pengarang merkarakake status sosial, idheologi sosial, lan liya-liyane kang gegayutan karo pengarang minangka asil sastra. (2)sosiologi sastra ngrembug isi karya sastra, tujuwan, sarta perangan-perangan liyane kang ana sajrone karya sastra iku dhewe (3) sosiologi sastra kang migatekake pamacane sarta daya pangaribawane karya sastra ing masyarakat (Wellek&Werren, 1990:111-112). Panglompokan sosiologi sastra miturut Wellek lan Werren ora beda karo panggolongane tintingan sosiologi sastra kang diandharake dening Ian Watt ngenani gegayutane antarane pangripta, sastra lan masyarakat (Damono,1978:3).

Ancangan sosiologi sastra kang akeh ditindakake saiki menèhi pangerten kang luwih gedhe ngenani aspek dhokumènter sastra. Miturut Damono (1978:8) landhesane yaiku gagasan yen sastra minangka kaca benggalane manungsa kanthi cara langsung saka segi struktur sosial, hubungan kaluwarga, *pertentangan* klas lan liya-liyane.

Sosiologi sastra mujudake ngelmu kang ngrembug bab panguripane manungsa sajrone bebrayan masyarakat. Sesambungan antarane karya sastra, pangripta lan masyarakat ora bisa dipisahake amarga katelune kabeh padha aweh pangaribawa. Mula saka kuwi sastra nduweni piguna tumrap masyarakat.

Konflik Sosial

Konflik mujudake samubarang kang asipat *dramatik*. Kang arahe ana ing memungsuhan antarane rong kekuwatan kang saimbang, nggambarake anane *aksi* lan *reaksi* (walesan) (Wellek lan Werren, 1995:285).

Konflik utawa *conflict* bisa diarani kedadeyan kang kalebu wigati, lan kalebu unsur kanggo pangrembakane plot/alur. Konflik tumuju ing kahanan kang ora kepenak kang kedadeyan utawa dialami dening para paraga cerita (Nurgiyantoro, 20012:122). Miturut Nurgiyantoro (2012:124) Konflik kang ana ing panguripane manungsa akeh wernane. Kaperang kaya ing ngisor iki :

- 1.) Konflik *eksternal* yaiku konflik kang kedadeyan antarane paraga karo samubarang kang ana ing sanjabane awakke, bisa saka lingkungan alam bisa uga karana lingkungan manungsa dhewe. Konflik *eksternal* isih bisa diperang maneh dadi loro, yaiku :
 - a.) Konflik fisik (*elemental*) yaiku konflik kang disebabake antarane paraga karo lingkungan alam.
 - b.) Konflik sosial yaiku konflik kang disebabake amarga anane sesambungan antarane paraga siji lan sijine kang njalari tuwuh prakara-prakara.
- 2.) Konflik *internal* yaiku konflik kang kedadeyan ana saka ati, jiwane paraga. Bisa diarani manawa konflik kang dialami manungsa karo jiwa pribadine. Tuwuh konflik iki uga saka njaba kang njalari ana perangan sing dirasake ing sajrone batine paraga. Konflik internal bisa diarani konflik batin.
- 3.) Konflik *eksternal* lan *internal* isih bisa diperang maneh miturut wujud lan tingkatan fungsi utawa paedah, yaiku:
 - a. Konflik utama, yaiku inti plot, inti struktur crita, lan uga punjere pangrembakane plot karya kang ana sesambungane.
 - b. Konflik tambahan utawa pendukung, negesi lan eksistensi paraga utama.

Lelandhesan Teori

Tintingan sosiologi sastra kanggo ndhudhah konflik kang ana ing novel UUK uga cundhuk karo andharane Teeuw (2013:131), sajrone karya sastra mesthi nduweni unsur kang paling onjo, mula unsur kang onjo kuwi kudu ditengenake. Unsur kang onjo utawa dominan ing novel UUK yaiku konflik kang dijalari saka kapitayan sing beda. Mula, uga bisa diarani konflik sajrone asmara pasangan mudha-mudhi. Mula, analisis sosiologi sastra bakal dadi punjere ing prakara iki, dene perangan liya

kayata, latar, paraga, lsp mung asipat kanggo nyengkuyung analisis konflik iki. Sabanjure kapitayan ing novel UUKiki bakal digayutake karo kahanan masyarakat.

Tintingan kanggo ndhudhah struktur sajrone novel iki nggunakake panemune Endraswara (2003:51) kang nengeneke sesambungan antarane unsur pambangune teks karya sastra lan ndeleng karya sastra minangka teks mandhiri kang nengeneke aspek instrinsik karya sastra. Saliyane kuwi uga nggunakake teori saka Stanton (sajrone Nurgiyantoro, 2012:23) unsure intrinsik yaiku perangan-perangan langsung kang runtut melu mbangun crita,

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Ancangan panliten mujudake salah sawijining trap-trapan sadurunge panliten kalaksanan, amarga ancangan panliten mujudake panuduh sing bisa menehi ancer-ancer ngenani panliten kang bakal ditindakake.

Panliten ngenani novel UUK anggitane Tulus Setiyadi iki awujud panliten kualitatif. Ratna (2013:47) ngandharake yen panliten kualitatif menehi pangerten ngenani data alamiah, dhata kang gegayutan lumantar konteks panggonane.

Andharan ing panliten iki awujud dheskripsi. Siswanto (2005:56) ngandharake yen metodhe dheskriptif bisa ditegesi minangka prosedhur kanggo mecahake prakara kanthi nggambarake utawa nglukisake kahanan subjek utawa panliten (pawongan, masyarakat, lan liya-liyane) adhedhasar kasunyatan kang ana.

Metodhe panliten kang digunakake sajrone panliten novel UUK yaiku metodhe dheskriptif analitik kanthi pendhekatan kualitatif. Diarani nggunakake metodhe panliten dheskriptif analitik amarga nggunakake cara dheskriptif yaiku nggambarake lan nganalisis objek panliten kang adhedhasar kanyatan lumantar basa kanggo mangsuli prakara kang diteliti.

Sumber dhata lan dhata

Sajrone panliten mesthi mbutuhake sumber dhata lan dhata. Sakloron kuwi ora bisa dianggep gampang lan ora wigati, amarga nduweni kalungguhan kang wigati banget sajrone panliten. Andharane kaya mangkene.

Sumber Dhata

Miturut Moleong (2012:157) ngandharake yen sumber dhata sajrone panliten cacah ana loro, yaiku sumber dhata primer lan sumber dhata sekunder. Sumber dhata primer yaiku sumber dhata kang langsung menehi dhata tumrap panliten, dene sumber dhata sekunder yaiku sumber kang ora langsung menehi dhata marang panliti.

Sumber dhata kaperang dadi loro yaiku sumber dhata primer lan sekundher. Ing panliten iki minangka sumber dhata primer yaiku awujud novel UUK anggitane Tulus S. Novel UUK kasebut diterbitake dening penerbit Lentera Ilmu ing wulan Juli 2016. Sumber dhata sekundhere yaiku arupa angket.

Dhata

Panliten apa wae ora bisa uwal saka dhata, amarga dhata minangka alat kanggo mbuktekake underaning panliten. Sajrone panliten sastra uga mbutuhake dhata nanging wujud *verbal*, yaiku wujud tembung, frasa, utawa ukara

(Siswanto, 2010:70). Saemper karo Siswanto, Ratna (2011:47) uga ngandharake yen dhata formal sajrone panliten minangka tembung-tembung, ukara, lan wacana kasusatran. Sakabehane dhata kuwi didadekake bukti kanggo ndhudhah prakara utawa konflik kang ana ing sajrone novel UUK iki. Sawise oleh sumber dhata, panliti banjur entuk dhata panliten.

Miturut Miles lan Huberman (sajrone Siswanto, 2010:70) dhata wujud kualitatif sejatine narik kawigaten tumrap panliti. Dhata kasebut asli saka sumber informasi kang adhedhasar teori, akeh dheskripsi sarta akeh andharan ngenani proses kang kedadeyan ing sajrone konteks. Mula, panliten iki mbutuhake pamikiran kang adhedhasar teori kanggo nyengkuyung sajrone panliten iki.

Instrumen Panliten

Sajrone panliten mesthi mbutuhake instrumen panliten. Instrumen kang ana ing panliten iki yaiku panliti dhewe, amarga ing kene panliti minangka subyek sing bakal ngandharake panliten. Sajrone nlti, panliti mbutuhake pulpen, petelot, buku, lan sapanunggalane kang dianggo nyathet dhata. Panliti bisa menehi pambiji sawijining kedadeyan utawa kahanan uga nduweni kuwasa kanggo nemtokake samubarang sajrone asil panliten iki.

Siswanto (2010:73) ngandharake yen instrumen minangka alat kang digunakake kanggo ngumpulake dhata. Sajrone panliten sastra instrumen panliten ora liya yaiku panliti iku dhewe. Panliti minangka instrumen gegayutan karo titikan panliten sastra kang nduweni *orientasi* teks.

Teknik Ngumpulake Dhata

Tata cara sing digunakake kanggo nglumpukake dhata miturut Endraswara (2003:162-163) diperang dadi telu yaiku :

- (1) Nemtokake unit analisis saka kabeh dhata kang wis diklumpukake banjur diperang- perang maneh supaya gampang anggone nglasifikasekake dhata kang bakal diteliti. Perangane ana loro yaiku perang cilik lan perang kang luwih rinci.
- (2) Nemtokake dhata yen karya sastra kang diteliti arupa karya kang diterbitake arupa novel. Mula kudu ditemtokake dhisik tanggal/taun terbit, jenenge novel, lan prakara kanga rep diteliti.
- (3) Nyathet dhata sajrone panliten iki mligine sastra tulis, dhata kang arep diteliti arupa dhata *simbolik* lan perlu anane cathetan-cathetan. Anggone nyathet dhata ana pituduh kang kudu digatekake yaiku:

- (1) latihan lan persiyapan kang bener, saengga bisa nyathet kanthi pener.
- (2) nyathet bab-bab kang nuduhake pesen lan makna simbolik, lan
- (3) nyathet tetembungan kang ora dimangerteni.

Adhedhasar perang ing ndhuwur iku, banjur carane nglumpukake dhata ana tahape yaiku:

- (1) Nggokeki novel kanthi irah-irahan UUK.
- (2) Maca bola-bali novel banjur ditengeri nganggo *stabilo*.
- (3) Dhata panyengkuyung utawa data liyane (dhata saka internet lan liya-liyane) diklumpukake dadi siji banjur diklompokake miturut kabutuhan.

Angket

Angket yaiku cara kang digunakake kanggo ngumpulake dhata saka tanggapan masyarakat ngenani

kahanan kang ana ing crita banjur sesambungane karo kanyatan panguripane masyarakat. Panliten iki uga nggunakake angket kanggo ndhudhah panemune masyarakat ngenani kapitayan novel *Uran-Uran Katresnan* ing masyarakat. Saliyane kuwi uga kanggo mangerteni kepriye tanggapan masyarakat ngenani jejodhoan kang beda kapitayan ing novel *Uran-Uran Katresnan* iki. Arikunto (1992:15) ngandharake yen angket kuwi pitakonan kang tinulis kang digunakake kanggo njupuk informasi saka responden awit laporan kang ana sesambungane karo pribadine lan sing dimangerteni. Saemper karo Arikunto, Sugiyono (2015:142) ngandharake yen angket minangka teknik pangumpulan dhata kang dilakokake kanthi cara menei pitakonan lan pratelan kang katulis marang responden kanggo aweh wangsulan. Mula, angket iki wigati banget tumrap tanggapane masyarakat ngenani kapitayan.

Cara Nganalisis Dhata

Adhedhasar andharan kasebut banjur panliten iki anggone nganalisis kaya ing ngisor iki:

- (1)Maca, nyinaoni, lan mangerteni dhata kang wis dipikoleh.
- (2)Nengeri lan nganalisis konflik asmara kang ana ing sajrone novel UUK anggitane Tulus S.
- (3)Njlentrehake tuwuhe konflik asmara kang ana sajrone novel UUK anggitane Tulus S.
- (4) Njlentrehake cara mungkasi konflik asmara kang ana sajrone novel UUK anggitane Tulus S.
- (5) Njlentrehake sesambungane konflik asmara ing novel UUK karo kahanan urip masyarakat.
- (6) Ngandharake asile njlentrehan kanthi cetha selaras karo undheraning panliten lan tujuwan panliten.
- (7)Asile andharan lan jlentrehan disusun kanthi wujud draft skripsi.(8) Gawe dudutan lan saran.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Bab iki uga ngandharake bab adu panemu antarane golongan mudha lan golongan tuwa. Golongan mudha kang dipandhegani dening Fitri lan Kristiono dene golongan tuwa saka wong tuwane kekarone. Gegambarane mbangun bale wisma nanging beda kapitayan iki isih ana ing novel UUKiki. Mula saliyané ngandharake kapitayan sing ana ing novel iki uga ngandharake panyebabé konflik utawa prakara, lan panemune masyarakat ngenani kapitayan. Sadurunge mbabar kuwi kabeh kababar dhisik struktur pambangune crita ing novel UUK iki. Andharane ana ing ngisor iki.

Struktur Pamangune Novel UUK

Struktur pambangune crita sajrone karya sastra minangka wujud karya tuwuhe karya sastra. Unsur intrinsik iki nduweni pangaribawa kanggo mbangun crita. Saka pangaribawane iki kang ndadekake novel tuwuh. Stanton (sajrone Nurgiyantoro, 2007:25) ngandharake yen unsur-unsur intrinsik pamangun sawijining novel iku ana telung jinis, yaiku tema, fakta crita, lan sarana crita. Fakta crita bisa diperang dadi papat yaiku paraga, alur, konflik,

lan setting, dene sarana crita diperang dadi loro yaiku basa lan sudhut pandhang.

Tema

Miturut Stanton lan Kenny (sajrone Nurgiyantoro, 2007:67) tema yaiku inti kang kinandhut sajrone crita. Sajrone novel UUK iki kapilih tema katresnan. Kapilih tema katresnan iki amarga novel UUK iki nyritakake lelakone Fitri lan Kristiono kang lagi nandhang katresnan. Fitri asale saka tlatah Semarang, dene Kristiono saka tlatah Magetan. Kekarone kepethuk ana ing kutha Yogyakarta nalika lagi padha ngudi ilmu nerusake program S2. Saka tepungan kang tanpa sengaja kuwi nuwuhake rasa tresna antarane siji lan sijine. Kekarone nduweni tekad kanggo urip bebarengan sarana mbangun bale wisma. Tresnane Kristiono kang tulus marang Fitri gawe atine Fitri sansaya kebak rasa kang ora bisa digambarake. Dheweke seneng banget yen bisa bebarengan karo Kristiono. Semono uga Kristiono uga wis tumemen tresnane klawan Fitri.

Nalika sepisanan ketemu, tempuking catur netra kaya-kaya mbukak pangaribawa kang gedhe, temahan nuwuhake rasa tresna kumanthil-kanthil sajroning ati. Rasane kaya wis sawetara suwe anggone tetepungan. Ora sranta Kristiono lan Fitri ngulungake tangane padha tetepungan kanthi salaman kang kebak rasa tresna sih kang gumeter ing jantung. Kedadeyan kuwi ora bisa dilalekake nganti suk kapan wae. (Setiyadi, 2016:2)

Tresnane Fitri lan Kristiono pancen tuwuh saka netra kang mudhun ana ing atine kekarone. Kekarone ora bisa nggambarake kepriye rasane atine nalika ketemu sepisanan. Mula sansaya suwe anggone kekancan saya rumaket lan padha-padha nduweni tekad lan prasetya ing janji. Kahanan kaya mangkene iki pancen lumrah dialami para mudha-mudhi kang lagi wae nandhang katresnan. Lagi wae nibake tresna anane mung rasa seneng, kangen, lan rasa kepengin nduweni. Kekarone durung mikirake yen tresnane bisa ndadekake bungah utawa malah susahe atine.

Anggone kekancan saya rumaket, pindha genggang gula kumepyur pulut. Ing endi wae bocah loro kuwi tansah reruntungan kaya ora bisa uwal. Kristiono lan Fitri wis nibakake prasetyaning janji arep urip bebarengan. Praupane bingar sumunar tansah sumorot saka panyawang marang sing lagi nandhang kasmaran. Ora mokal kanca-kancane yen moyoki kaya Sampek Ingtai, Romeo lan Yuliet, Kama Ratih, Rama Sinta lan liya-liyane. (Setiyadi, 2016:2-3)

Tresna kang tuwuh saka tempuking catur netra iki ora bisa diselaki maneh. Pancen Fitri lan Kristiono wis tinakdir saka Gusti bisa bebarengan nanging ora gampang anggone mujudake tresnane kuwi supaya tetep bisa bebarengan nganti tumekaning pati. Tresna kang lagi ngrembaka iki dumadakan kudu nemu pepalang. Pepalang ing kene minangka pepalang kang gawe Fitri lan Kristiono kudu mbudidaya luwih tumemen supaya niat lan tekad kanggo mbangun bale wisma bisa kalakon. Pepalange iki tuwuh saka wongtuwane kekarone kang ora nyarujuki

katresnane Fitri lan Kristiono. Babagan iki kayata pethikan teks ing ngisor iki.

Wektu kang terus lumaku nambahi kekuwatane rasa tresna bocah loro kuwi. Gegayuhane kanggo mbangun tresna lan nata bale wisma dirancang yen anggone kuliyah wis rampung. Tresna kang gedhe lan tulus antarane Kristiono lan Fitri muga bisa nyingkirake pepalang kang bakal ngadhang lakune. Awit antarane bocah loro kuwi nduweni kapitayan utawa keyakinan kang beda. Mangka keyakinan iku dadi gondhelane urip marang sing percaya. (Setiyadi, 2016:4)

Pethikan kasebut nuduhake yen katresnane Fitri lan Kristiono wis ngrembaka lan ora bisa dipisahake senadjan kekarone wis mangerteni yen pepalang kang gedhe kuwi sejatine tuwuh saka kapitayane kekarone kang beda. Kapitayane Fitri lan Kristiono sing beda iki ora ndadekake kekarone sansaya adoh nanging sansaya rumaket amarga kalah marang tresnane sing gedhe.

Saka andharan kasebut bisa dimangerteni yen samubarang kang beda kuwi bisa manunggal kanthi anane sing jenenge *toleransi*. Padha-padha ngajeni lan ngormati marang samubarang kang beda kuwi pancen penting jalaran Gusti kepengin kita kabeh nduweni rasa ngajeni lan ngormati marang pambada. Sabab ora ana samubarang kang padha kanthi pambada kuwi ndadekake endahing reriptane Gusti kang kudu diuri-uri semono uga kaya katresnane Fitri lan Kristiono iki.

Para Paraga lan Pamaragane.

Paraga sajrone novel UUK iki diperang dadi loro, yaiku paraga utama lan paraga tambahan. Paraga utama ing novel iki yaiku Fitri lan Kristiono, dene paraga tambahan ana Pak Gunanto, Kyai Misbah, Ibu, Wahyu, lan Tony. Andharane kaya mangkene.

1) Fitri

Paraga Fitri ing novel iki kalebu paraga utama protagonis. Fitri kaluwargane kalebu umat Islam sing ta'at agama, mula ndadekake Fitri pawongan kang nduweni trapsila. Ditambah maneh dheweke uga ngudi ilmu nerusake S2 ing Yogyakarta. Bisa diarani yen Fitri minangka wanita kang pinter. Fitri yaiku putri saka Kyai Misbah. Kyai Misbah yaiku pawongan kang diajeni ing desane ing tlatah Semarang kono, Mula ora mokal yen Fitri pancen wanita saka kaluwarga kang mawa aturan. Praupane kang manis ndadekake sapa wae bakal kesengsem marang dheweke. Fitri ing novel iki nduweni sipat kang kaya mangkene.

(a) Pasrah

Pasrah yaiku sifat kang masrahake kabeh kedadeyan kang ana ing alam donya marang Gusti, amarga sakabehane ing alam donya iki saka Gusti. Fitri ing crita iki nduweni watak pasrah.

nanging gampang ngresula. Babagan iki ing kene dituduhake nalikane katresnane ngemu pepalang saka wongtuwane dhewe kang ora paring restu yen dheweke gegandhengan karo Kristiono amarga kapitayane sing beda. Buktine kaya pethikan ing ngisor iki.

“Ah Mas Kris aku pasrah...piye mengko. Kaya-kaya aku wis ora kuwawa ngadhepi prekara iki. Muga-muga ana dalan supaya aku lan Mas Kris bisa urip bebarengan”. Mripate Fitri diremake, karo pikirane mblayang teka ngeni-endi. (Setiyadi, 2016:7)

Fitri rumangsa pasrah lan sumpek marang kahanan kang lagi dialami. Dene tresnane karo Kristiono pacare kudu ngemu pepalang saka wongtuwane dhewe. Pasrah lan ngresulane Fitri amarga dheweke wis nyoba bola bali matur marang wongtuwane lan nyoba menahi pangerten marang wongtuwane kanthi pangajab antuk dalan kang dikarepake nanging malah suwalike. Pasrah ing kene ora ateges Fitri nyerah, dheweke tetep nyuwun dalan marang Gusti supaya pepalang kuwi enggal antuk dalan kang kaya dikarepake dheweke lan pacare Kristiono. Sipate kang pasrah nanging tetep mbudidaya iki ndadekake Fitri wanita kang kuwat.

(b) Gampang Ngresula

Saliyane nduweni watak pasrah, Fitri uga nduweni watak liyane salah sijine gampang ngresula. Dheweke anggone ngresula amarga wong tuwane ora nyarujuki dheweke gegandhengan karo Kristiono. Atine kaya kaya wis ora kuwat. Fitri wis nyoba matur marang wong tuwane, nanging tetep wae dheweke dikongkon nggolek jodho sing seiman. Mungguhe kaluwargane Fitri iman kuwi bab kang baku kanggo mbangun bale wisma. Kaluwargane Fitri uga ora kepengin yen Fitri nglanggar akidah. Pethikane kaya mangkene iki.

“Hmmm.... abot Mas. Ibuku tetep ora sarujuk yen awake dhewe tetep mbacutake laku. Iya awit aku iki anake Kyai, sing iki.... sing iku....ahhh mumet aku. Kudu piye awake dhewe iki. Kaya-kaya aku arep mutung wae. Sumpek sajrone batinku. Ibuku ora maringi pepadhang nanging kaya-kaya malah nambahi pepeteng. Aku ngerti alasane. Nanging apa alasan kaya mangkono iku bisa medhotke katresnan?” (Setiyadi, 2016:10-11)

Pethikan kasebut nuduhake yen Fitri kuwi ngresula awit katresnane sing ora nemu dalan. Jalaran beda keyakinan kang ndadekake wong tuwane Fitri ora nyarujuki. Ibune sing diajab bisa menahi dalan nanging kaya kaya malah nambahi sumpek ing atine. Fitri bingung kudu kepriye maneh tekade kaya-kaya wis rada luntur. Fitri abot yen dikongkon milih antarane wong tuwane apa Kristiono. Dheweke uga ora kepengin gawe kuciwa kaluwargane. Rasa katresnane marang wong tuwane uga gedhe, nanging Kristiono priya kang coco king atine Fitri.

(c) Sabar

Fitri uga nduweni sipat sabar. Sabar ing kene yaiku sifat kang njembarake atine kanggo ngadhepi sawernane prakara sing ana. Nalikane Fitri kang terus-terusan matur marang wongtuwane bab katresnane iki, dheweke ora waleh anggone nyoba ngrayu wongtuwane kang kaku banget lan tetep kukuh marang bab kapitayan sing beda iki. Sipate sabar liyane nalika dheweke weruh yen bakale

tresnane karo Kristiono bakal ngemu pepalang, nanging dheweke tetep sabar lan ngadhepi pepalang kuwi ora malah mundur lan ninggalake Kristiono. Pethikane kaya mangkene iki.

“Menapa jalaran beda keyakinan kemawon saged medhot taline katresnan. Mangka ingkang ngakeni keyakinan menika inggih manungsanipun piyambak. Suku utawi ras, sugih miskin, bagus elek, menika ingkang ndamel Gusti Allah, menika kemawon saged nalené katresnan. Lajeng ingkang dipundamel cepengan kedah ingkang pundi? Menapa manungsa menika lepat lan dosa menawi kedah palakrama kaliyan ingkang benten keyakinan?” tumanggape Fitri rada sengol. (Setiyadi, 2016:8)

Anggone Fitri kandha marang wongtuwane ing pethikan ndhuwur kuwi katon alus lan nduweni subasita. Senadyan dheweke nduweni rasa mangkel marang wongtuwane nanging Fitri tetep ngajeni lan ngormati wongtuwane. Iki wujud yen Fitri nduweni sipat sabar saengga dheweke tetep ngupaya kanggo antuk restu saka wongtuwane kanthi cara sing apik. Gethinge marang wongtuwane ora ndadekake Fitri kurang ing trapsila. Anggone matur marang wongtuwane tetep kanthi cara alus.

(d) Setya

Setya ing kene yaiku ora andum katresnan karo pawongan liya kejaba pawongan kang ditresnani. Fitri ora mung nduweni sipat kayata andharan ing ndhuwur kasebut, nanging dheweke uga minangka wanita kang setya. Kasetyane Fitri marang Kristiono gedhe banget nalika ana wong lanang liya sing nggodha, dheweke ora kajiret babar pisan. Pethikan kaya mangkene iki.

“Hmmm... bener, arep nraktir aku. Kebeneran wetengku iya wis klintir-klintir, sajak njaluk jatah iki,” wangsulane Fitri tanpa rasa cubriya marang niyate Wahyu kang sabenere. Awit ya amung Kristiono wae sing bisa manggon ana ing atine. (Setiyadi, 2016:18)

Pethikan kasebut nuduhake yen Fitri tresna banget marang Kristiono. Bukti nalika dheweke ketemu Wahyu kancane saka ndesa. Nalika ditraktir dening Wahyu, dheweke ora ana rasa cubriya lan rasa liyane kejaba mung nganggep Wahyu minangka kancane. Ing atine Fitri amung ana Kristiono wae ora ana priya liyane. Fitri uga ora ana niatan kanggo nyedhaki priya liya. Dheweke lan Kristiono wis prasetya bakal urip bebarengan lan bakal mbudidaya bebarengan amrih kelakon sakabehane gegayuhane.

Alur

Staton (sajrone Nurgiyantoro, 2012:113) ngandharake yen alur utawa plot yaiku crita kang isine urutan prastawa, nanging saben prastawa iku mung digayutake kanthi sebab akibat, prastawa siji disebabake utawa nyebabake prastawa liyane. Alur plot kang digunakake sajrone novel UUK yaiku alur maju. Kang diarani alur maju yaiku critane urut saka wiwitan nganti pungkasan. Miturut Loban dkk (sajrone Aminuddin, 2011:84) nggambarake tahapan alur crita kaya dene

gelombang. Gelombang iku diwiwiti saka (1) eksposisi, (2) komplikasi utawa intrik-intrik awal kang ngrembaka dadi konflik, (3) klimaks, (4) revelasi utawa panyingkatan tabir sawijine prakara, (5) pungkasan prakara.

(1) Konflik

Konflik yaiku masalah kang diadhepi dening paraga. Konflik crita iki diawiti saka Fitri lan Kristiono kang wis padha nibakake katresnane. Fitri lan Kristiono wis padha prasetya bakal urip bebarengan nganti selawase. Kasunyatane kekarepane kuwi kudu nemu pepalang saka wongtuwane dhewe. Fitri lan Kristiono wis padha prasetya lan tetep bakal mbudidaya amrih katresnane iki bisa antuk dalan. Babagan iki kaya pethikan ing ngisor iki.

“Awake dhewe wis padha tresna lair batin, ora ana maneh rasa kang mangu-mangu anggonku arep nglamar kowe marang wongtuwamu Tri. Nanging aku uga durung ngerti kapan kabeh iku bisa kaleksanan. Mbokmenawa wektu wae kang bisa mangsuli” kandhane Kristiono kanthi tulusing ati. (Setiyadi, 2016:3)

Bocah loro keli marang dayane panganan-angen. Urip bebarengan mujudake omah-omah ayam tentrem sing digayuh, kaya-kaya wis ana ngarep mripate. (Setiyadi, 2016:4)

Pethikan ing ndhuwur kuwi nuduhake yen kekarone anggone nandhang katresnan isih mekar mekar kayadene kembang. Fitri lan Kristiono weruh yen katresnane kuwi bakal ngemu pepalang utamane saka wongtuwane, awit kapitayan kekarone pancen beda. Saka kene wis bisa ndadekake para pamaca penasaran marang crita sabanjure awit kapitayan kang beda iki pungkasan kepriye katresnane Fitri lan Kristiono iki. Apa maneh pepalang iki saka wongtuwane kekarone.

(2) Klimaks

Klimaks yaiku pucuk-pucuke prakara kang diadhepi paraga. Klimaks crita iki yaiku nalika Fitri ketemu karo wong tuwane. Fitri nyoba matur marang Kyai Misbah yen dheweke kepengin urip bebarengan karo Kristiono. Kyai Misbah tetep ora sarujuk lan kepengin Fitri nggolek priya liya sing seiman karo keluargane. Babagan iki kaya pethikan ing ngisor iki.

“Bapak ngerti kowe wis nduwe pilihan. Nanging pikiren ta, bapakmu iki sapa, ibumu kuwi sapa lan awakmu saka kaluwargane sapa. Kabeh mesthi wis padha ngerti marang awake dhewe. Yen ta kowe tetep kukuh marang pilihanmu banjur raine bapakmu arep dideleh ngendi. Apa banjur kowe arep mirangke wongtuwamu. Bapak ngerti gedhene katresnanmu, nanging apa wong urip iku cukup mangan tresna. Elinga, ning jagad iki isih akeh wong lanang. Kowe kari milih lan njumbuhake kahanan. Coba bapak daktakon karepmu piye?” kandhane Kyai Misbah sing tambah gawe mumete Fitri. (Setiyadi, 2016:27)

Pethikan kasebut nggambarake yen crita ing novel iki wis mlebu ing punjere prakara. Kyai Misbah nyoba menehi pangerten marang Fitri supaya ora nerusake katresnane karo Kristiono. Kyai Misbah kepengin Fitri nggolek priya liya sing seiman karo kaluwargane. Kyai Misbah ora kepengin wirang yen nganti Fitri jejodhoan karo Kristiono. Fitri tetep kukuh marang gegayuhan kepengin urip bebarengan karo Kristiono.

(3) *Revelasi*

Revelasi ing crita iki bisa uga diarani cara kang digawe paraga supaya bisa uwal saka perkara sing diadhepi. Dicitakake nalika Fitri ditinggal Kristiono bali menyang Magetan tanpa kabar, Fitri bingung lan pungkasané dheweke niat nyusul pacare kuwi menyang Magetan. Senadyan durung nate mrana, nanging Fitri nekad amrih ketemu Kristiono. Pethikane kaya mangkene.

Ora let suwe Kristiono jumedhul saka njero omah. Saiba kagete Kristiono dene tamu sing teka pacare. Ora tekan semana pikirane Kristiono yen Fitri bisa tekan omahe. Bocah loro pandeng-pandangan, banjur nyedhak salaman. Arep rerangkul isin ana wong akeh. Sakal mripate Fitri mbrebes mili nangis miseg-miseg. Kristiono dadi bingung ngadhepi marang pacare. (Setiyadi, 2016:94)

Pethikan kasebut nudhuhake manawa Fitri banget kangene marang Kristiono, dheweke rumangsa lega bisa ketemu karo priya kang ditresnani iku. Nalika ing omahe, Fitri, Kristiono, lan Pak Gunanto yaiku Bapakke Kristiono padha sapejagong rembugan ngenani gegandhengan Fitri lan Kristiono.

(4) *Penyelesaian*

Penyelesaian ing kene yaiku pungkasané crita. Dicitakake sabubaré Fitri rumbukan karo bapakke Kristiono yaiku Pak Gunanto. Dheweke rada padhang pikirane amarga Pak Gunanto wis menehi restu marang dheweke lan Kristiono. Saiki sing dadi bingunge Fitri yaiku Kyai Misbah kang isih mbekengkeng ora sarujuk marang gegandhengan karo Kristiono. Nalika bali ing Yogyakarta bubar saka Magetan, Fitri diparani Tony ana ing kose. Fitri wiwit blaka marang Tony yen dheweke wis nduwe pacar nanging ora dinyana-nyana Tony uga blaka yen dheweke dhewe uga nduwe gegandhengan. Pethikane kaya mangkene iki.

“Mas Tony ora usah rumangsa luput. Aku dakcrita Mas, tulung njenengan midhangetke. Nalika durung kenal karo Mas Tony, sakteremene aku wis nduwe pacar. Nganti saiki aku isih gegandhengan karo dheweke. Aku lan pacarku wis kadhung padha prasetya arep urip bebarengan. Kepara winginane dawa wongtuwane pacarku ya arep rawuh ning omahku. Tujuwane ora liya nglamar aku marang wongtuwaku...” (Setiyadi, 2016:113)

“.....Aku uga ora bisa selak nalika ketemu Dhik Fitri tuwuh rasa tresnaku. Dakpikir mbokmenawa wis pancen ketemu jodhoku. Krungu kabar kaya mangkono iku wongtuwaku uga wongtuwamu sajak seneng banget. Ora mokal wongtuwaku

age-age kepengin nglamar Dhik Fitri. Nanging mangertenana sing satemene Dhik, Ora beda karo critamu, sakbenere aku wis nduwe pacar uga. Malah olehku pacaran wiwit SMA. Emane pacarku sarampunge kuliah terus kerja ditugasake ana ing luar Jawa. Dadi olehku pacaran amung lumantar HP wae....” (Setiyadi, 2016: 115)

Pethikan kasebut nggambarake yen Fitri lan Tony wis padha gelem blakasuta manawa kekarone wis padha padha nduweni gandhengan dhewe-dhewe. Pamaca wis digiring marang kepriye bakale katresnane Fitri lan Kristiono iki. Tony sing maune diajab dadi pengalang kanggo katresnane Fitri lan Kristiono dumadakan wis blaka marang Fitri lan wis mbalik marang pacare dhewe maneh.

4 Latar utawa Setting

(1) Dhaerah Yogyakarta

Tlatah Yogyakarta kapilih minangka latar anggane Fitri lan Kristiono ngudi ilmu, amarga kutha Yogyakarta pancen kutha Pendhidhikan lan Seni, mula ora mokal yen ing Yogya akeh Perguruan Tinggi Negeri uga Swasta kang moncer. Pethikan kang nuduhake yen kutha Yogyakarta minangka latar saka novel iki, kaya ing ngisor iki.

Tresna tanpa dipocapake sarana lathi, nanging minangka wujud prenthule ati. Kaya mangkono iku mungguh critane antarane Kristiono lan Fitri nalika sepisanan ketemu ing kutha Yogyakarta....(Setiyadi, 2016:1)

Pethikan kasebut nggambarake yen Fitri lan Kristiono pancen ketemu ana ing kutha Yogyakarta nalika kekarone padha ngudi ilmu nerusake S2. Diarani kapinujon apa liyane, nanging nyatane saka sepisanan ketemu kekarone wis nduweni rasa seneng tumrap siji lan sijine. Ana maneh pethikan kang nengenake yen latare pancen ana ing kutha Yogyakarta.

(2) Dhaerah Semarang

Kutha liyane kang didadekake latar utawa setting ing novel UUK iki yaiku ing tlatah Semarang. Fitri kang asale saka tlatah Semarang iki kepengin mulih menyang kampungé. Dheweke wis suwe ora tilik omahe, mula pas nepaki libur kuliah dheweke mulih menyang Semarang. Pethikane kaya ing ngisor iki.

Nalika mudhun saka kendaraan, Fitri nyawang sakiwa tengene omahe. Katon sawah kang parine ijo royo-royo, pratandha durung suwe tandhure. Banyune mili gumrojog ana kalen ing pinggire sawah. Wit-witan kang ngrembuyung gawe asri ing desane. (Setiyadi, 2016:42)

Pethikan ing ndhuwur iki nggambarake yen Fitri lagi wae bali saka Semarang. Liburane sing suwene patang dina dimanfaatne dening Fitri kanggo kumpul karo kaluwarga, santri, lan tangga teparone.

(3) Dhaerah Magetan

Kutha liya sing dianggo latar utawa setting yaiku Magetan minangka tlatah papan omahe Kristiono. Omahe

ana ing ndesa lan cedhak karo alas-alas. Pethikan kang nunduhake yen latare ana ing Magetan kaya mangkene iki.

Bener wae saka gedhene katresnan marang pacare, Fitri nekat budhal tumuju Magetan yaiku kampunge Kristiono. Sakwise teka terminal Giwangan Fitri takon marang satpam, bis ngendi sing tumuju kutha Magetan. Fitri dikandhani supaya golek bis jurusan Surabaya mengko mudhun terminal Maospati ganti bis. Fitri golek bis sing dikandhakake satpam mau. Ana njero bis pikirane Fitri amung kelingan Kristiono. Dheweke ndedonga terus muga-muga ora kesasar anggone lumaku. Mripate nyawang njaba awit nora tau lewat dhaerah kono. Suwene patang jam bis lumaku tekan terminal Maospati. (Setiyadi, 2016:91)

Pethikan ing ndhuwur nggambarake yen Fitri nekat nyusul Kristiono kang lagi mulih ing desane ing tlatah Magetan. Dheweke wis kangen banget karo Kristiono kang wis suwe ora ketemu lan ora sesambungan senandyan mung lumantar hp.

Wujud Konflik sajrone Novel UUK

Kyai Misbah nyoba ngajak rembugan anake wadon kuwi supaya ora kesusu anggone netepake jodho lan supaya mikirake jeneng kaluwargane. Pethikane kaya ing ngisor iki.

1) Kyai Misbah ora sarujuk Fitri gegandhengan karo Kristiono.

Kyai Misbah ora seneng yen Fitri gandhengan karo Kristiono. Panjenengane kepengin yen Fitri bisa pedhot karo Kristiono lan manut marang pilihane bapake. Bukti kanggo nuduhake yen Kyai Misbah ora sarujuk marang kekarepane Fitri iki kaya mangkene.

“Bapak ngerti yen kowe wis nduweni pilihan. Nanging pikire ta, bapakmu kuwi sapa, ibumu kuwi sapa lan awakmu kuwi saka kaluwargane sapa. Kabeh mesthi wis padha ngerti marang awake dhewe. yen ta kowe tetep kukuh marang pilihanmu banjur raine bapak arep dideleh ngendi. Apa banjur kowe arep mirangke wongtuwamu. Bapak ngerti gedhene katresnanmu, nanging apa wong urip iku cukup mangan tresna. Elinga, ning jagad iki isih akeh wong lanang. Kowe kari milih lan njumbuhake kahanan. Coba bapak daktakon karepmu piye?” kandhane Kyai Misbah sing tambah gawe mumete Fitri. (Setiyadi, 2016:27)

Pethikan kasebut nggambarake yen Kyai Misbah ora sarujuk manawa Fitri tetep gegandhengan karo Kristiono. Panjenengane kepengin anake wadon kuwi antuk jodho kang seiman karo kaluwargane iki. Kyai Misbah kepengin Fitri kudu bisa njaga asmane bapake lan kaluwargane amarga Kyai Misbah lan kaluwargane kuwi diajeni banget ing desane.

2) Paraga Fitri lan Kristiono

Konflik kang dialami dening Fitri lan Kristiono iki diwiwiti saka Kristiono kang mangerteni yen Fitri dijdhoake karo priya liya dening Kyai Misbah. Priya liya iku ora liya Tony. Tony kang wis mapan lan seiman diajab bisa ngganten Kristiono ing atine Fitri. Andharane kaya mangkene iki.

(a) Kristiono ngerti yen Fitri dijdhoake karo Tony

Kristiono rumangsa yen sesambungane karo Fitri kuwi ora bener lan wongtuwane Fitri sajak kepengin yen Fitri pepisahan karo Kristiono. Kristiono dhewe uga wis weruh yen Fitri dijdhoake karo priya liya yaiku Tony. Pethikane kaya mangkene iki.

“Tri,... banjur kepriye mengkone dene saiki wis ana priya liya kang jumbuh karo sing dikarepake dening wongtuwamu? Apa kowe isih nduweni tresna marang aku?” pitakone Kristiono groyok. (Setiyadi, 2016:67)

Pethikan kasebut bisa diweruhi yen Kristiono weruh Fitri dijdhoake dening Kyai Misbah karo priya liya. Dheweke rumangsa ciut atine amarga sing dijdhoake iki jumbuh karo kekarepane bapake. Kristiono rumangsa yen Fitri wis ora tresna maneh marang dheweke.

3) Paraga Fitri lan Wahyu

Fitri ora mung ngalami konflik karo Kyai Misbah, Kristiono, lan Tony, nanging uga Wahyu.

(a) Wahyu blaka marang Fitri babagan katresnane.

Prakara kang kudu diadhepi dening Fitri. Nalika dheweke mulih menyang Semarang, dheweke pethukan karo kancane ing desa yaiku Wahyu Wahyu uga nduweni rasa tresna marang Fitri nanging durung nate kaleksanan. Pethikane kaya mangkene iki.

“Hmm..... sepurane ya Tri, yen bisa kabeh kudu dipikir. Ora ateges aku kepengin nyampuri urusanmu. Nanging sing dakrungokne jare pacarmu karo kowe beda keyakinan. Lah mangka bapakmu Kyai, apa kira-kira bisa tekan katresnanmu karo pacarmu kuwi. Eman-eman lho asmane wong tuwamu. Mengko swarane masyarakat piye. Mbok dipikir maneh?” kandhane Wahyu karo nyawang sing kebak rasa marang Fitri.

Pethikan ing ndhuwur nggambarake manawa omongane Wahyu malah nambahi ruwet pikirane Fitri. Dheweke ngomong bab kang wis waleh dirungokake dening Fitri yaiku katresnane kang ora bisa diterusake awit beda keyakinan lan bapake Fitri sing minangka Kyai kuwi. Dikarepake Wahyu kuwi bisa menehi pepadang lan panglipur nanging malah kosok baline nambahi reruwet ing pikirane Fitri.

4) Paraga Fitri lan Tony

Tony kang sepisanan nembe tepung karo Fitri rumangsa ketarik atine, dheweke kepengin sesambungane karo Fitri bisa tambah rumaket, nanging suwalike Fitri ora nduweni rasa apa-apa marang Tony. Andharane kaya mangkene

(a) Fitri blaka marang Tony

Tony dolan menyang kos-e Fitri kanggo njlentrehake perkara Tony lan Fitri. Fitri rumangsa kaget dene Tony dolan ana kos-e maneh. Fitri nyoba blaka suta marang Tony yen dheweke nduwe wis nduwe pacar. Fitri ora kepengin gawe gelane Tony lan Kristiono apa maneh kaluwargane Kristiono wis nyengkuyung banget kekarepane. Pethikane kaya mangkene iki.

“Dhik Fitri kok nangis, ana apa?”

“Mas Tony, aku dak blaka suta marang panjenengan ya. Nanging daksuwun aja kuciwa, apa maneh duka.”

“Iya dhik Fitri ngomong wae. Aku pancen ngrumangsani luput kok. Saiki dhik Fitri ora usah ditutup-tutupi apa sing ana atimu.”

“Ngene Mas, sakbenere yen aku diarani seneng karo njenengan iku pancen ora dakselaki. Nanging....,” durung rampung anggane guneman wis disaut maneh dening Tony.

“Nanging aku pancen salah sawijine priya sing kurang nduwe tanggung jawab. Mula anggane karaya-raya mrene nemoni Dhik Fitri karepku kepingin njlentrehne perkara iki.” (Setiyadi, 2016:112-113)

Pethikan kasebut nggambarake yen Tony rumangsa luput amarga dadi priya sing kurang tanggung jawab utamane marang Fitri. Tony njaluk sepura marang Fitri, nanging sing dikarepake Fitri dudu kaya mangkono kuwi. Fitri kepengin blaka suta yen dheweke wis nduwe pacar lan arep dilamar.

Konflik Internal

Konflik *Internal* yaiku konflik kang dialami manungsa karo jiwa pribadhi. Tuwuhe konflik iki uga bisa saka njaba kang njalari ana perangan sing dirasakake ing sajrone batin paraga. Konflik *internal* uga bisa diarani konflik batin. Ing novel UUK iki konflik batin dialami dening paraga Fitri, Kristiono, lan Wahyu. Andharane kaya mangkene.

1) Paraga Fitri

Paraga Fitri ing kene minangka paraga utama. Dheweke kang paling akeh ngalami konflik batin amarga wong tuwane Fitri sing isih mbekengkeng ora nyarujuki yen Fitri jejodhoan karo Kristiono jalaran beda kapitayan iki. Senadyan Fitri lan Kristiono wis prasetya bakal ngormati lan njaga kapitayane dhewe-dhewe, nanging Kyai Misbah isih durung sarujuk. Kyai Misbah yaiku bapakne Fitri ora kepengin yen asmane wirang ing masyarakat. Fitri ing kene ngalami pirang pirang konflik kang teka saka batin awit kudu milih antarane rasa tresnane marang Kristiono, kaluwarga, utawa agamane. Andharane kaya mangkene iki.

(a) Wong tuwane kang ora sarujuk.

Konflik batin kang dialami Fitri iki kawiwitan nalikane Ibune sing diajab bisa menehi dalan, kasunyatan malah uga ora sarujuk marang gegayuhane sing kepengin

urip bebarengan karo Kristiono. Babagan iki kaya pethikan ing ngisor iki.

“Piye Tri, wongtuwamu apa wis menehi restu marang awake dhewe iki?” pitakone Kris

“Hmmm... abot Mas. Ibuku tetep ora sarujuk yen awake dhewe mbacutake laku. Iya awit aku iki anake Kyai, sing iki... sing iku.... ahhhh mumet aku. Kudu piye awake dhewe iki. Kaya-kaya aku arep mutung wae. Sumpek sajrone batinku. Ibuku ora maringi pepadhang nanging kaya-kaya malah nambahi pepeteng. Aku ngerti alasane. Nanging apa alasan kaya mangkono iku bisa medhotake katresnan?” wangsulane Fitri ngresula.” (Setiyadi, 2016:10-11)

Kahanan kang ora kepenak dirasakake dening Fitri, dheweke bingung, mumet lan ora ngerti kudu kepriye sawise mangerteni yen katresnane karo Kristiono ora disarujuki dening wong tuwane.

Cara Mungkasi Konflik.

Cara kang digunakake kanggo mungkasi konflik iki bisa maneka warna carane bisa rembut tanding kakuwatan, bisa uga kanthi cara kang luwih apik yaiku medhiasi. Sajrone panliten iki pungkasan konflik kedadeyan kanthi *happy ending* utawa nyenengake. Kanggo mungkasi sawernane konflik kang dialami dening para paraga iki dilakokake kanthi cara medhiasi ing antarane (1) Pak Gunanto Fitri, lan Kristiono (2) Fitri, Tony, lan Kristiono (3) Fitri, Kristiono, Pak Gunanto, Kyai Misbah. Andharane kaya mangkene iki.

Pak Gunanto paring restu marang Fitri lan Kristiono

Pungkasan konflik ing novel UUK iki diwiwiti saka patemonane antarane Fitri lan Pak Gunanto ana ing omahe Pak Gunanto. Fitri akeh nampa wejangan saka Pak Gunanto babagan katresnane kuwi. Pethikane kaya mangkene iki. Nalika Fitri dolan menyang omahe Kristiono, dheweke ketemu karo Pak Gunanto yaiku bapakne Kristiono. Saka tetepungan kuwi Pak Gunanto menehi piweling lan mantebake tekade Fitri kanggo urip bebarengan karo anake. Pethikane kaya ing ngisor iki.

“Ngene nak Fitri, bapak arep ngomong apa sing dadi intine wae. Kristiono saben bali saka Jogja mesthi matur marang bapak magepokan anggonmu gegandhengan, saiki coba miturut sliramu piye? Bapak kepengin ngerti marang tekadmu anggane kepengin urip bebarengan karo anakku. Coba matura!”

“Inggih Bapak, kula kalih Mas Kris sampun sami prasetya kepengin gesang sesarengan. Nadyan kula kathah pepalangipun ananging kula lan Mas Kris badhe ngadhepi menapa ingkang dados pepalang menika. Awit rasa tresna menika mboten saged dipunapusi dening menapa kemawon. Mugi bapak kersa paring pangestu dhumateng kula lan Mas Kris.”

“Kuwi perkara gampang, Nak Fitri. Nanging apa kabeh wis kok pikirke, apa wis koktintingi sapa sejatine Kristiono kuwi?”

“Sampun Bapak, ingkang dados reribet namung prkawis benten keyakinan. Mangka tresna menika inggih mboten mbentenaken status menika. Kula lan Mas Kris sampun sarujuk badhe tansah ngormati keyakinanipun piyambak-piyambak.” (Setiyadi, 2016:100-101)

Pethikan kasebut nggambarake yen Kristiono lan Fitri pancen wis nduweni tekad kang gedhe kepengin urip bebarengan, mula pepalang apa wae kanggone Fitri lan Kristiono bakal diadhepi. Pak Gunanto kepengin Fitri mikir kanthi jero apa sing wis dadi tekade kuwi. Pak Gunanto kepengin weruh sepira gedhene tekade Fitri kepengin urip bebarengan karo anakke Kristiono kuwi.

Fitri nepungake Tony lan Kristiono

Fitri lega akhire siji mbaka siji prakara kang diadhepi kanggo nggayuh kekarane wis antuk dalan. Dene dheweke uga wis blaka suta marang Tony yen wis nduwe pacar semono uga Tony uga wis blaka marang Fitri. Banjur Fitri kepengin nepungake Tony karo Kristiono supaya ora ana salang surup lan bisa nambah paseduluran kekarane.

Fitri njaluk Tony supaya gelem nemoni Kristiono. Fitri kepengin supaya ora ana salang surub maneh lan bisa nambah anggone paseduluran. Tony nyarujuki apa kang dadi panjaluke Fitri semono uga Kristiono uga gelem nemoni Tony. Pethikane kaya ing ngisor iki.

“Lah endi kancamu, jare kepengin ketemu aku?” pitakone Kristiono marang Fitri.

“Oh, dheweke mau isih pamiit tuku rokok Mas, Lah kae wis teka mreng” wangsulane Fitri bareng weruh tekane Tony karo nggawa bungkus ing tas kresek.

Kristiono langsung nyalami Tony lan lungguh jejagongan wong telu.

“Mas Kris, iki Mas Tony sing dakcritakake kae,” (Setiyadi, 2016:123)

Saben manungsa mesthi nduweni pepenginan banjur mbudidaya kanggo nggayuh apa kang dadi kepenginane kuwi kaya dene Fitri. Fitri ing kene nyoba nepungake Tony lan Kristiono supaya ora ana maneh rasa cubriya ing atine Kristiono marang dheweke.

3) Pak Gunanto nglamar Fitri kanggo Kristiono

Pak Gunanto tindak menyang Semarang saperlu nglamar Fitri kanggo anake yaiku Kristiono. Tumekane ing daleme Kyai Misbah iki amung dikancani dening Kristiono wae kang nate sowan ing daleme Kyai Misbah. Pak Gunanto netepi janjine kanggo mbiyantu kekarane bocah loro kuwi supaya bisa kasembadan.

Pak Gunanto lan Kristiono tindak menyang Semarang saperlu nglamar Fitri. Pak Gunanto netepi janjine marang Fitri yen bakal tindak Semarang kanggo rembugan prekara sing dadi gegayuhane kuwi. Pethikane kaya mangkene.

Sakwise tekan daleme Kyai Misbah, bapakne Kristiono ditampa lan diacarani pinarak kanthi prasaja. Kyai Misbah ya ora ngaturi sapa-sapa anggone nampa tamu, kepara bojone wae ewuh

ana mburi. Kang ana amung Kyai Misbah, Fitri, Pak Gunanto lan Kristiono.

Kabeh padha bage binage lan atur salam keslametan terus ngrembug niate anggone sowan. Kyai Misbah anggone nampa pangandikane Pak Gunanto dipenggalih kanthi jero lan disaring aja nganti nuwuhake bab kang ora ngepenakake. Ora mokal priyayi loro iku padha sinuba-suba dening para pendherekke, dadi nduweni kawibawan kang imbang. Mula tata cara pangandikan lan tata krama padha dijaga. (Setiyadi, 2016:121-122)

Minangka sesepuh wis samesthine nduweni kawibawanan, saha kawasisan anggone ngendikan. Semono uga Kyai Misbah lan Pak Gunanto nduweni kawibawan kang imbang. Mula kekarane anggone ngendhikan sarwa ditata supaya ngenakake yen dirungokne. Anggone tetepungan iki ora liya ngrembug babagan Fitri lan Kristiono.

Kyai Misbah nampa panglamare Pak Gunanto kanggo Kristiono.

Sajrone sowan ana ing daleme Kyai Misbah, Pak Gunanto wis rembugan karo Kyai Misbah lan nuwuhake dalan kanggo anak-anake yaiku Fitri lan Kristiono. Dalan kang wis dirembug sadurunge iki diajab minangka dalan kang becik tumrape kaluwargane Kyai Misbah lan Pak Gunanto sing baku uga kanggo apa sing dadi gegayuhane Fitri lan Kristiono.

Nalikane Fitri lan Kristiono diutus ibune metu, Kyai Misbah lan Pak Gunanto wis rembugan dhewe nganti Fitri lan Kristiono bali lan lungguh ana ruwang tamu, banjur Pak Gunanto miwiti guneman bab prakara Fitri lan Kristiono. Pethikane kaya mangkene iki.

“Inggih Bapa kula sampun manteb badhe jejodhoan kaliaan Fitri. Menapa sangganipun badhe kula tampi waton menapa ingkang dados gegayuhan kula saged kasembadan. Kula aluwung mboten semah menawi mboten kaliyan Fitri,” wangsulane Kristiono.

“Kuwi apa tenan, lan apa bakal gelem nampa apa sing dadi pitukonku. Aja mung gampang mangsuli. Coba dipikir tenan, sepisan maneh apa sliramu saguh nampa pitukon sing bakal dakparingake mengko,” pitakone Kyai Misbah diambali maneh.

Pethikan kasebut nuduhake yen Kristiono wis manteb jejodhoan karo Fitri kabukti saka wangsulane Kristiono kang sanggup nampa apa wae sanggane supaya bisa nikah karo Fitri. Minangka priya, Kristiono uga mbudidaya supaya katresnane bisa kasembadan, dheweke saguh nampa apa wae resikone minangka wujud tanggung jawabe lan upa dayane amrih bisa sesamndhingan karowanita sing ditresnani.

Pamawas masyarakat tumrap nikah beda kapitayan sajrone novel UUK.

Novel UUK mujudake salah sawijining karya sastra kang ngrembag babagan nikah beda kapitayan. Sajrone bebrayan masyarakat isih akeh kang nglakoni

nikah beda kapitayan iki. Rasa tresna kang gedhe marang lawan jinis kang ndadekake para manungsa ora mikirake bab kapitayane sing dadi paugeran utawa pathokan sajroning urip. Nikah beda kapitayan iki wis lumrah sajrone bebrayan masyarakat, nanging senadyan wis dadi lumrah isih ana wae para warga sing ora sarujuk marang anane nikah beda kapitayan iki.

Sejatine nikah beda kapitayan miturut hukum pemerintah durung ana. Miturut UU No. 1 Taun 1974 ngenani *perkawinan* (UUP). Sah orane pala krama adhedhasar aturan sajrone Pasal 2 UUP yaiku :

1. Dilakokake miturut hukum saben agama utawa kapitayan. Jlentrehane pasal 2 ayat (1) kang ngandharake yen *tidak ada perkawinan diluar hukum agamanya dan kepercayaanya itu.*
2. PP No. 9 Taun 1975 ngenani Pelaksanaan UU No. 1 Taun 1974 (PP No. 9/1975) yen pala krama dilakokake dening umat islam mula pencatatan dilakokake dening pegawai pencatat kayata sing ana ing UU No. 32 Tahun 1954. Suwalike yen kang pala krama miturut agama lan kapitayanne ing sanjabane agama islam, mula pencatatan dilakokake ing kantor Pencatatan Sipil (Pasal 2 PP No.9/1975).

Sejatine ing Indonesia iki, hukum pala krama durung diatur sacara khusus apa maneh bab nikah beda kapitayan iki. Saengga ana sing diarani *kekosongan* hukum. Ngenani sah orane pala krama iki dilakokake selaras karo agama lan kapitayane kayata kang diatur ing Pasal 2 ayat (1) UUP.

Respondhen Golongan Siswa lan Mahasiswa

Asiling panliten saka responden iki yaiku kapilih saka golongan siswa kang isihsekolah sauntara Sekolah Menengah Atas lan mahasiswa. Wiwit wong kang sekolah SMA lan mahasiswa dikira wis mangerteni marang kapitayan-kapitayan sing ngrembaka ana satengahe masyarakat lan bisa menehi pamawas kang isih bisa nalar tumrap nikahan beda kapitayan iki.

Adhedhasar asil angket saka golongan siswa lan mahasiswa kasebut, dimangerteni yen masyarakat ing golongan iki isih akeh sing sarujuk tumrap nikah beda kapitayan iki. Kebukti 75% respondhen iki sarujuk marang anane nikah beda kapitayan. Saliyane iku 25% respondhen ora sarujuk marang anane nikah beda kapitayan. Pamawas siswa lan mahasiswa kang sarujuk yen ana nikah beda kapitayan iki bisa dibuktekake ing pethikan ngisor iki.

“sarujuk mawon, amarga beda kapitayan menika mboten ndadekaken prekawis yen tiyangipun saged nggedhehaken toleransipun” (Ulfatus Zahra, siswa SMA, 22 Juni 2017)

“sarujuk, amargi priyantunipun sampun wani nanggung resiko” (Prilista Monica, mahasiswa, 26 Juni 2017)

Pethikan kasebut ngandharake pamawase siswa lan mahasiswa yen satemene masyarakat sakupenge isih sarujuk marang anane nikah beda kapitayan iki amarga beda kapitayan iki ora bakal ndadekake prekara yen saben wong bisa ngetrapake sing jenenge *toleransi*. Toleransi kuwi pancen wigati banget tumrap bebrayan masyarakat supaya ora ana congkrah antarane pawongan siji lan sijine utawa kelompok masyarakat siji lan sijine.

Respondhen Golongan Swasta

Kabukten saka respondhen kang cacahé ana 12 wong iki, 60% sarujuk marang anane nikahan beda kapitayan. Banjur sisane sauntara 40% ora sarujuk anane nikahan beda kapitayan iki. Respondhen kang sarujuk marang anane nikahan beda kapitayan iki pethikane ana ing ngisor.

“sarujuk wae, wis kadhung tuwuh tresna ing atine sing penting bisa njaga lan ngajeni marang kapitayane dhewe-dhewe.” (Sumi, PRT, 24 Juli 2017)

“sarujuk, sing penting padha tresnane lan ora ngrusaki tatanan sing wis ana (agamane).” (Nasroni, dagang, 25 Juli 2017)

“sarujuk, amarga kuwi urusane pribadhine dhewe-dhewe dadi masyarakat ora nduweni hak nglarang.” (Sunarmi, buruh tani, 22 Juli 2017)

Pethikan kasebut nuduhake yen pamawas saka respondhen golongan swasta iki nyarujuki anane nikahan beda kapitayan. Pamawas Sumi minangka PRT ngandharake yen dheweke sarujuk marang anane nikah beda kapitayan sing penting padha tresnane lan bisa njaga sarta ngajeni tumrap kapitayane dhewe-dhewe. Nasroni uga ngandharake pamawase yen paling baku yaiku padha tresnane lan ora ngrusaki tatanan sing wis ana yaiku ngrubah keyakinan sing digondheli. Saemper karo Sumi lan Nasroni, Sunarmi uga ngandharake yen perkara omah-omah kuwi urusan pribadhi dadi dheweke sarujuk wae lan wong liya ora nduweni hak kanggo ngatur utawi nglarang. Saliyane kuwi uga ana respondhen kan ora sarujuk marang anane nikah beda kapitayan iki.

Respondhen Golongan Pegawai

Panemu pungkasan yaiku golongan pegawai. Golongan pegawai iki ana akeh wiwit saka guru, pamong desa, TNI AD lan AL, lan pensiunan. Pawongan-pawongan iki minangka wong kang *terpelajar*.

Adhedhasar asil angket panliten, bisa diweruh yen respondhen golongan pegawai iki nduweni panemu bab nikahan beda kapitayan iki. kabukti saimbang 50% sing sarujuk lan 50% sing ora sarujuk anane nikah beda kapitayan iki. Pethikane kaya ing ngisor iki.

“sarujuk mawon, lhawong niku urusanipun pribadhi. Nanging yen nikah benten kapitayan menika kathah resikoipun, dados pasangan ingkang badhe palakrama kedah siyap nanggung sawernane resiko niku.” (Suparlan, Guru, 23 Juli 2017)

“sarujuk, amargi bab palakrama menika ingkang nglampahi nggih piyantunipun piyambak-piyambak.” (Agus Suprpto, Guru, 23 Juli 2017)

Pethikan kasebut nuduhake yen pamawase respondhen golongan pegawai iki ana sing sarujuk anane nikah beda kapitayan kaya sing diandharake dening Suparlan yaiku prekara nikah minangka urusan pribadhi, nanging yen nikah beda kapitayan kuwi akeh resikone, mula saben pasangan kudu siyap nanging resikone kuwi. Saemper karo Suparlan, Agus Suprpto uga ngandharake yen bab nikah kuwi urusan pribadhi mula panjenengane sarujuk wae.

PANUTUP

Dudutan

Adhedhasar andharan ing bab sadurunge bisa dimangerteni yen novel UUK anggitane Tulus Setiyadi iki onjo ing perangan sosial, mligine konflik. Konflik kang disandhang dening para paraga iki yaiku Fitri lan Kristiono sing nduweni sesambungan bab katresnan nanging ora disarujuki dening wongtuwane kekarone.

Struktur sajrone novel UUK anggitane Tulus Setiyadi iki kalebu unsur pambangune crita kayata tema, paraga lan pamaragane, alur, lan latar utawa *setting*. Tema kang kapilih sajrone novel UUK iki yaiku katresnan.

Pamrayoga

Novel UUK anggitane Tulus Setiyadi iki ngandhut pesen kang becik tumrap kabeh pamaos. Pesen kang kinandhut yaiku manungsa kudu bisa mbudidaya kanggo nggayuh sakabehane kepenginane kanthi ora nyimpang saka aturan lan norma-norma kang ana. Manungsa kang diciptakake dening Gusti uga kudu bisa ikhlas lan sabar nampa sawernane pacoban kang ditampa. Saliyane kuwi kudu diimbangi karo dedonga supaya apa kang dadi gegayuhane kuwi bisa kasembadan.

Adhedhasar andharan sing ditindakake sadurunge, panliten marang novel *Uran-Uran Katresnan* anggitane Tulus Setiyadi iki isih akeh banget kurange. Pranyata kapitayan lan agama ing Indonesia iki pancen maneka warna lan ngrembaka ing sajrone bebrayan masyarakat. Mula, panliten iki kaajab bisa dadi sumbangsih tumrap panliten sastra liyane, mligine kang mawa tintingan Sosiologi sastra, senadyan isih akeh sing kurang lan isih akeh tembung-tembung kang durung sampurna.

KAPUSTAKAN

- Aminuddin. 2011. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algensindo: Anggota IKAPI.
- _____. 2004. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algensindo: Anggota IKAPI.
- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- _____. 1992. *Prosedur Penelitian*. Rineka Cipta: Jakarta.
- Apriyani, Dwika. 2010. *Konflik Sosial ing Cerebung Sing Kendhang lan Sing Ngandhang anggitane Suryadi* WS. Skripsi tidak diterbitkan: PBD FBS Unesa.
- Damono, SapadiDjoko. 1978. *Sosiologi Sastra Sebagai Pengantar Ringkas*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Endraswara, Suwardi. 2003. *Metode Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: Media Pressindo.

_____. 2008. *Metodologi Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: Media Presindo.

_____. 2013. *Teori Kritik Sastra*. Jakarta: PT. BUKU SERU.

Faruk. 2012. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Hutomo, SuripanSadi. 1975. *Telaah Kasustraan Jawa Modern*. Jakarta: Pusat Bahasa.

Luxembrug. 1989. Diindonesiakan oleh Dick Hartoko. *Pengantar Ilmu Sastra*. Gramedia: Anggota IKAPI.

Munir, Fuady. 2011. *Teori-teori Dalam Sosiologi Hukum*. Jakarta: Kencana Prenada Media Group.

Nurdiyantoro, Burhan. 2012. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

_____. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Pradopo, RachmatDjoko. 2011. *Prinsip-Prinsip Kritik Sastra*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Ratna, NyomanKutha. 2009. *Paradigma Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

_____. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Saraswati, Ekarini. 2003. *Sosiologi Sastra Sebuah Pemahaman*. Malang: UMM Press.

Siswantoro. 2010. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Sugiyono. 2015. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung: ALFABETA.

Setiyadi, Tulus. 2016. *Uran-Uran Katresnan*. Lamongan: Lentera Ilmu.

Stanton, Robert. 2012. *Teori Fiksi*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Teeuw, A. 2013. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Bandung: Dunia Pustaka Jaya.

Wellek, Rene dan Austin Warren. 1995. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia. (Karjawan dening Melani Budianta).

Werren, Austin& Wellek, Rene. Diindonesiakan oleh Budianta, Melani. 1990. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia: Anggota IKAPI.

Internet

- <https://www.google.co.id/amp/s/oediku.wordpress.com/2015/12/09/kapitayan-agama-universal-dari-tanah-jawa/amp/> (diakses dina Kemis tanggal 15 Juni 2017 jam 09.00)
- jurnalmahasiswa.unesa.ac.id (diakses dina Selasa tanggal 29 Agustus 2017 jam 17.00)
- www.hukumonline.com (diakses dina Minggu 22 Juli 2017 jam 10.30)

Kamus

- Sudaryanto. Pranowo. 2001. *Kamus Pepak Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerjaan Kongres Bahasa Jawa.